

ENTÈPRÈT

Disetyem Sikwi jidisyè a pran angajman pou bay moun ki pa pale anglè ak moun ki soud yo, entèprèt kalifye nan entansyon pou elimine baryè kominikasyon ki ka anpeche yo patisipe okonplè nan pwosesis tribinal yo pou asirir jistis ekitab ak aksè egal nan tribinal yo.

Intèprèt Lang Pale Yo

Disetyem Sikwi jisidyè a bay moun ki pa pale anglè yo entèprèt selon Dwa Sivil 1964 Tit VI, seksyon 90.606, Lalwa Florid yo ak Règleman 2.560, Administrasyon Jidisyè Règ Florid yo.

Nou ap nonmen entèprèt kalifye pou lang pale yo lè gen yon interè fondamantal ki an je epi lè moun nan pa gen abilitè pou konprann oswa eksprime tèt li an Anglè ki anpeche l patisipasipe okonplè nan pwosesis tribinal yo. Ka sa yo enkli, men ki pa limite ak, ka sikwi ak ka kontre kriminel, ka delenkans jivenil ak depandans, patènite, lòd pwoteksyon kont vyolans domestik, pwosè sante mantal ak enkapasite, ak tout lòt kòz tribinal la deside ki bezwen entèprèt.

Nou ap osi nonmen entèprèt kalifye lang pale yo pou temwen ak viktim yo ki pa pale anglè, nan kelkeswa pwosè a nan kelkeswa sikwi oswa tribinal kriminel kontre a, oswa nan tout pwosè tribinal delenkans jivenil.

Biwo Entepret nan tribinal la bay sevis entepret nan lang Panyòl /kreole pou akize ak temwen nan pwosedi legal yo toupatou nan kat tribinal andedan Broward. Biwo a ede ak lezot lang yo osi le gen bezwen depi yo mande mande pou lang pale .

Nou dwe resevwa demann pou entèprèt lang pale yo, omwen 7 jou anvan dat pwosè a. Nan ka lang ki pa komen yo ak entepretasyon enprevi yo, nou ka bezwen plis tan pou nou jwenn yon entèprèt kalifye epi nou ka sèvi ak yon sèvis entèprèt elwanye nan videyo oswa nan telefòn.

Si w ta renmen mande pou yo ba w yon entèprèt ki pale lang ou nan tribinal la; tanpri, ranpli yon fòm sou entènèt pou mande youn. Si gen demand pou entèprèt, apade Panyòl oswa Kreyòl Ayisyen, se pou nou resevwa demand sa a yo omwen 7 jou anvan dat pwosedi a.

<https://cms.17th.flcourts.org/interpreter-request-form>

Pou ka mande yon entèprèt tribinal nan Langaj Siy (Sign Language), tanpri ranpli yon fòm sou entènèt pou mande youn. Nou dwe resevwa demand yo omwen 7 jou anvan dat pwosedi a. <https://cms.17th.flcourts.org/interpreter-request-form>

Si w gen nenpòt kesyon, tanpri rele biwo Entèprèt Tribinal la nan 954-831-7290.

https://drive.google.com/file/d/1Kgt5kmhDHissDcaGAE2_fDdhY4eTWO06/view?usp=sharing

Entèprèt Lang Siy

Anplis de sa, Disetyem Sikwi Jidisyè a bay sèvis entèprèt ak akomodasyon rezonab pou moun ki soud yo pou kelkeswa ka yo genyen an, selon seksyon 90.6063, Lalwa Florid ak lwa konsenan Ameriken ki Andikape “American with Disabilities Act” (ADA).

Demann pou yon entèprèt lang siy ta dwe fèt omwen 7 jou anvan dat randevou a si posib. Pou fè demann yon entèprèt lang siy oswa akomodasyon selon lwa konsenan Ameriken ki Andikape ,kontakte koodonate,Diana Sobel ,nan (954) 831-7721